ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№236-237 (23.645) ● 2017 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 9, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ республикэм и щІыналъэхэм щыІащ

Дыгъэгъаазэм и 7-м КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм щыІащ. Абы мэкъумэшхэкІ жылэхэр егъэфІэкІуэным елэжьыну къыщызэІуаха «Юг-Сервис» Іуэхущ1апІэ-щІэр зригъэлъэгъуащ.

ІУЭХУЩІАПІЭР нэхъыбэу зэлэжьыр нартыхурщ, Урысейм и щІыналъэхэм щІэупщІэ щаІэу.

«Юг-Сервисыр» 2014 гъэм яухуэн щІадзащ, лажьэу щатУпщащ 2017 гъэрщ. Абы лэжьапІэ ІэнатІэ 21-рэ къыздригъэпэщащ, щІыхьхэм я улахуэр ику иту сом мин 18 - 25-рэ мэхъу. Іуэхущ1апІэм щы гектари 110-рэ иІыгъщ, лабораторэ хэтщ, зэрыщІэжьэ Іэмэпсымэхэр ди къэралымрэ Австриемрэ щащІхэм ящыщщ. Іэщ1агъэлІэхэр щагъасэ центр Іуэхущ1апІэм къыщызэІуахыну я мурадщ.

«Юг-Сервис» Іуэхущ1апІэр къызэрагъэпэщыным къэралым сом мелуан 18 хильхьащ, псори зэхэту абы сом мелуани 133,8-рэ текІуэдащ. КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ мэкъумэш Іэнатім зрагъэужьыным теухуауэ къэралыр щІыхуэм дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъум мыхьэнэшхуэ иІэу къызэрилытэр.

«Дызыхунэсам Іуэхур къыщыдгъэувыІэнукъым. Дэ дгъэхьэзырым къищынэмыщІа, бэджэндырылажьэхэми я нартыкр къэтщэху зэтедублэнущ. Мы гъэм «Мэшыкъуэ» зи фІэщыгъэ нартыхум хуэдэу тонн мини 2 къэдгъэкІащ, дэ дгъэкІа жылэ Красноярск щІынальэм едгъэшэнущ. Апхуэдэуи Башкириемрэ, Тэтэрстаным, Къэзахъстаным, Белоруссиемрэ ди жылэхэр ящэхуну догугъэ, - къыхигъэщащ «Юг-Сервис» Іуэхущ1апІэм и генеральнэ Шыбзыхъуэ Мухьэмэд. Абы жиІащ лэжьыгІэ псори зэтраублэмэ, илъэс къакІуэ нартыхуэ жылэ тонн мини 5-м нэс зэрагъэтІылъыфынур.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ мэкъумэшыщІэхэм я лэжьыгъэр псыхэкІуадэ зэрымыхъунур ящІэу щытмэ, я Іуэхум нэхъри зэрегугъунур.

КъыкІэлъыкІуэу КъБР-м и Іэтащхьэр епльащ Псынэдахэ къуажэм щаухуэ Щэнхабзэмкіэ унэм лэжьыгъэхэр здынагъэсащ. Ар хьэзыр хъуным куэд кьэнэжакъым, дыгъэгъаазэм и кІэм къыздІуахыну я мурадщ.

Дзэлыкъуэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан** КъБР-м и Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ унэм и пэшышхуэр щІыху 300-м зэратещІыхьар. «Дыгъэгъаазэм и 25-м УФ-м мэкъумэш Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм и комиссэм Щэнхабзэмкіэ унэр къипщытэнущ, дыгъэгъаазэм и 27 - 29-хэм илъэсыщІэ зэхьихьэхэр щедгъэкІуэкІыну ди мурадщ», - къыхигъэщащ Джатэм.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ «2014 - 2017 гъэхэм ятещІыхьауэ, апхуэдэуи 2020 гъэ пщІондэ къуажэ щІыпІэхэм зэгъэужьыным и Іуэхукіэ» федеральнэ программэ хэхам хьихьэу ухуэныгъэм сом мелуан 43-рэ зэрыхухахар, ар зыхуей хуэзауэ къамылъэсэбэпыфмэ, иужькІэ апхуэдэ гулъытэ зэрамыгъэтыжьыру. Абы район унафэщІхэм яжриІащ зытращІыхьа пІалъэм Щэнхабзэмкіэ унэр къызэІуахыну зэрращыгугъыр.

Бахъсэн щІыналъэм

Бахъсэн районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм КъБР-м и Іэтащхьэм щыгъуазэ зыщицІащ «Жаппуева Ж. Х.» мэкъумэш-фермер Іуэхущ1апІэм DeLaval фирмэм жэм кІырашыну къыщІигъэкІ робот Іэмалхэр къызэрыщагъэІурыщІэм.

Іэщ1агъэлІэхэм зэрыжаІэмкІэ, апхуэдэ Іэмэпсымэхэр къыщагъэсэбэпу Кавказ Ищхьэрэ псом щыІэр зи гугъу тщІы мэкъумэш Іэнатім и закъуэщ. Иджыпей Іэмэпсымэхэр фермэм щагъуэващ 2017 гъэм и фокІадэм къэрал субсидие къазэрыІэрыхьам и фІыгъэкІэ. Технологиещ1эм кьепщытэ гъэшым и фІагъри жэмым и узынщагъэр зыхуэдэри. Уеблэмэ дэтхэнэ Іэщ1ми и щытыкІэр къэзыгъэлъагъуэ базэ иджы яІэщ.

Мы зэманым фермэм австрие лъэпкъхэм ящыщ жэм къащІу 130-рэ тетщ. Махуэм и кІуэцІым шэ тонни 2 къыщІаш, ар Налшык шэ комбинатым яшэ. Іэщ1агъэлІэр дяпэкІэ щогугъ илъэсым и кІуэцІым ику иту шэ килограмм мини 8 къащыну.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ фермэм и зэфІэкІкІэм щІыналъэм щылажьэ адрей мэкъумэщ Іуэхущ1апІэхэри щыгъэгъуэзэн зэрыхуейр.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм

КъБР-м и Іэтащхьэм зыщиплъыхьащ Урысей Ипщэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэ, бдзэжьей щагъэхъу Іуэхущ1апІэм. Тырныауз дэт а Іэнатім къыщагъэсэбэп иужьрей дыдэу къагупсыса Іэмалхэр. Хозяйствэм къызэщІиубыдэ метр зэбгъуэзнатІэ мини 5-м щагъэуващ бдзэжьейхэр щагъашхэ псыгуэн 70. Іуэхущ1апІэм къызыхэтынщэу и лэжьыгъэр 2019 гъэм ирихьэлІэу зэтриублэмэ, осётр бдзэжьей лІэужьыгъуэу тонн 50-рэ бдзэжьей жылэу тонни 3-рэ илъэсым яІэнущ.

Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Макитов Ибрэхьим** зэрыжиІамкІэ, бдзэжьейр зэрагъашхэ Іэмалищ кьагъэсэбэп.

КІуэкІуэ Юрий адэкІэ Тырныауз къыщызэІуихащ къалэдзсыр куэд щІауэ зы-пэплъа автовокзалыщІэр. А зэхьихьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм, Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм я лІыкІуэхэр, къалэдзсхэр, ныбжьыщІэхэр.

Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Залиханов Къанщобий** къыщыпсалъэм жиІащ илъэс куэд хьуауэ щІыхуэхэм уэшхыр къатешхэу, уэсыр къатесэу фІэкІа транспортым щыпэплъэн гъущапІэ зэрамыІар икІи КъБР-м и Іэтащхьэм хьахуиІэуа къалэным зэрыпэплъэщам зэригъэгъушхуэр. Апхуэдэуи абы фІыщІэ яхуищІащ унэр ухуэным зи мылъку хэзылъхьа, «Эльбрустранс» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Темукуев Хьэсым, я чэнджэщкІэ зэпымыІуэ закъыщІэзыгъэкъуа, КъБР-м и Іэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэкІынымрэ инновацэхэмкІэ и лІыкІуэ хэха Къармокъуэ Хьэчим, КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей Арсен сымэ.

Иджырей мардзхэм тету яуха автовокзалым хэтщ цІыхухэр транспортым щыпэплъэ хъуну пэшитІ, шахпІэ, медицинэ пэш, аптекэ, сабий щІынэ зыІыгъэм папщІэ пэш хэха.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ Тырныауз къыщызэІуах автовокзалым щагъэжьей щагъэхъу Іуэхущ1апІэмрэ къалэдзсхэр зыщыгуфІыкІын Іуэхуу къэмынэу, республикэ псом дежкІи мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

- Ди щІыналъэм зэрызиужьыр нэрылъагъущ. Къапщтэмэ, Тырныауз къалэм Іуащхьэмахуэ лъапэр къытхэзэІуех, абы къыхэкІыуи ар нобэрей гъащІэм дежІуу щытын зэрыхуейр зыщыгдгъэгупщэ хъунукъым. Нобэ сэ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэ зыбжанэм сыщыІащ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм щылажьэу. Гу зылъытэращи, ди республикэм щымащІэкъым я щхьэ Іуэху закъуэ мыхъуу, «ди лъапэр едгъэфІэкІуа-рэт» жызыІэхэр. Ар куэд и уасэу къызолъытэ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дыгъэгъаазэм и 7-м КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм щыІащ. Абы мэкъумэшхэкІ жылэхэр егъэфІэкІуэным елэжьыну къыщызэІуаха «Юг-Сервис» Іуэхущ1апІэ-щІэр зригъэлъэгъуащ.

ЕджапІэщІэ къызэІуахынущ

● ЗэІущІэхэр

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэмкіэ и министр **Уэщхьэн Тимур**. Ар тепсэлъыхьащ зи унафэщІ министерствэм щылажьхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным теухуауэ хуагъэува къалэныр зэрагъэзэщІам, иджы 34-рэ фІэкІа, зэрымыхъужьым, абы къыхэкІыуи Іуэхущ1апІэм текІуэдэну мылъкум зэрызэщІам. Министрыр тепсэлъыхьащ езым къыхилъхьэу унафэ зытращІыхьа нэгъуэщІ Іуэхухэми:

- Федеральнэ мылъкум къыхэкІыу ди щІыналъэм кьраташ унэ, ар зыгъэтет щІыри и Іуэсу, - жиІащ абы. - Май куейм щыІэ а хэщІапІэм ветеринар Іуэхущ1апІэрэ ерыскъыхэкІкэр зыхуэдэр къыщахутэ лабораторэрэ щаухуэну я мурадщ.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бештокъуэ Жыр-Аслъэн** тепсэлъыхьащ унэм и кадастровэ уасэм тещыхьауэ налогхэр къыхэхьыныжкІэ 2018 гъэм къежІуэІыну зэхъуэкІыныгъэхэм. Къулыкъуэщ1эм зэрыжиІамкІэ, республикэм апхуэдэ унэу 800 итщ.

- Зи гугъу ящІ унэхэр куэдыуэ зэрыхъум къыхэкІыу, къэпщытэныгъэ ирамыгъэкІуэкІыу, зэхагъэува тхыгъэщ. КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унэм къэпщытэныгъэ щрагъэкІуэкІынущ икІи абы ком меларди 10,32-рэ текІуэдэнущ.

КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ зэгъэпэщынымрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** зи гугъу ищІар фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрахьэн папщІэ зэхалъхьэ ахъшэм щыщ зыхуэзфІэмыкІхэм яхуэпшынным теухуауэ къащта унафэрщ. ЗыдэІэпыкъу хуейуэ къалъытахэм я бжыгъэр цІыху 962-рэ мэхъу. Абыхэм папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм мы мазэм къыІэрыхьэнущ сом 1 мелуанрэ мин 205-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэнныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ «Егъэджэныгъэм зегъэужьыныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» къызэрагъэпэщыну республикэр хуит къызэращІам.

ЗэІущІэм къыщІэта унафэхэм я проектхэр кьекІуэлІахэм зэдзэрэзэІуэ къызэдащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законым зэрытетыр гъэбыдэнымкІэ, суд Іэнатім зегъэужьынымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Къуэдзокъуэ Заур Барэсбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж судым и УнафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъаазэм и 7-м
№157-УГ

КІуэкІуэ Ю. А. Налшык къалэм и Іэтащхьэхэр къызрихьэлІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и къалащхьэм социальнэ Іуэхущ1апІэхэр зэрыщыхагуашэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ Налшык къалэм и администрацэм и унафэщІхэм я зэІущІэ.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ республикэм и къалащхьэм социальнэ Іуэхущ1апІэхэр зэрыщыхагуашэм, фэтэр куэд хъу унэхэм щІэсхэм я псэукІэр ящыгъэпсынщІэным, общежитхэм щІэсхэр гъэІэпхъуэнымкІэ программэр гъэзэщІа зэрыхъум.

Зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хуагъэуващ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къалэдзсхэмрэ я тхьэусыхафэхэр, чэнджэщхэр къыщыпльыта Іуэхуэр ягъэхьэзыру КъБР-м и Правительствэм къыщыхалъхьэну.

Зэ1ущ1эм къырихьэлІащ КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь В. Хь.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КІуэкІуэ Ю. А. Федеральнэ казначействэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ я Іуэхущ1апІэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэху Федеральнэ казначействэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс тІощІрэ тхуэр зэрырикъумкІэ. Къэралым и экономикэ Іэнатім, бюджетыр зэкІэлъыгъэкІуэныжьмкІэ, финанс щытыкІэр зэпІэзэрыту щытыныжьмкІэ фи Іуэхущ1апІэм игъэзащІэ къалэным и инагъыр къэплъытэну гугъущ.

Управленэм и лэжьакІуэхэм я къалэнхэр хьэлэлу игъэзащІэ, республикэм и финанс Іэнатім зегъэужьыныжьмрэ ар гъэбыдэныжьмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ.

Си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэшхуэ фхуэзощІ хьэлэлу фызэрылажьэм папщІэ, узынщагъэ, насып, унагъуэ зэІуэзэпэщ фиІэну, фи лэжьыгъэм ехъулІэныгъэщІэхэр къыщыфхьыну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

● КъБР-м и Правительствэм

Афияным демыгъэхьэхыныр ЯПЭ ИГЪЭЩЫПХЪЭЩ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм дыгъэгъаазэм и 8-м щекІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж наркотикхэм япэщІэтыныжьмкІэ щыІэ комиссэм и зи чэзу зэхьихьэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

«ІУЩХЬЭ - 2017» зыфІаща ведомствэ зэхуаку оперативно-прокурорскэ зэзыгъэуІу лэжьыгъэм кьрикІуэхэм и гугъу ящІащ Іуэхур зэгъэщІылІа министерствэхэм я унафэщІхэмрэ узынщагъэр хъуэмэным, ар зэтегъэуэвэжыным хуэлажьэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэмрэ.

- Дапхуэдизу лэжьыгъэ ин евгъэкІуэкІауэ къэвмылъытэжми, щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжа щагъуэ щыІэу къытщагъэхуркъым мыбдежьым къыщыфхьа бжыгъэхэм, - къыхигъэбелджылыкІащ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм захуигъаззу.

Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщамкІэ, 2017 гъэм и ГъатхэІ-бжьыхьэ лъэхъэнэм кьрибубдзу, КъБР-м къыщыкІа щІэпым зыщиубгъуа щы Іыхьэхэм я бжыгъэр 276-м нэблэгъат. Абыхэм, псори зэхэту, гектари 113-м нэблагъэ зэщІащат.

- МыгурыІуэгъэр щІэп къыщыкІ щыпІэхэр нэгъабзрейм елъытауэ нэхъыбэж хъуауэ зэрыжыфІарщ, - къыпищащ и псалъэм республикэм и Іэтащхьэм. - Псалъэм папщІэ, Прохладнэ щІыналъэм 2016 гъэм езыр-езыру кьыщыкІ щІэпыр зэрыта гуэрэнэхэр 56-рэ хьуауэ щыщытамэ, мы гъэм абыхэм я бжыгъэр 149-м щынэблэгъащ. Бахъсэн районым гуэрэни 7-р 17-м щыхуэкІащ. Шэрэджым - 36-р - 42-м, Лэскэным - 3-р - 9-м. Адрей щІыналъэхэми щытыкІэр щынэхъ щагъэужьым. Сыт ар къызыхэкІыр? КъызэрысльытэмкІэ, куэдыр я къалэнхэм Іэпэдэгъэлэлу зэрыбгъэдыхьэрщ, къэвгъэльагъуэ бжыгъэхэм я лъабжьэ щІэтыр зэрызэхэвмыгъэкІырщ.

Наркотикхэр зэмыкъэлІэным, зэбгремыгъэхыным хуэунэтІауэ лэжьыгъэшхуэ иregъэкІуэкІ УФ-м Къэрал КІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэми.

- 2017 гъэм марихуанэ, гашиш, нэгъуэщІ афиян лъэпкъыгъуэхэр зыщІэхэр, зэбгрезыгъэшхэр сэтей къэщІынмкІэ къызэдгъэпэща Іуэхугъуэхэм къарикІуэу цІыху 890-р жэуапым етшэлІащ. Абыхэм ящыщу 177-р къуаншэу я къальитащ (18-р цІыхубзщ). Пэжщ, мы бжыгъэжр, ику иту къытщтэнущ, 2016 гъэм ейм елъытауэ процентэ 5,1-кІэ нэхъ мащІэщ, - къыхигъэщъхэукІащ зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Ромашкин Игорь**. - Пщэрылъ зыщытщІыжа къалэныр зэрыныр, ди закъуэ къаркІэ абы дьэзырыпэмылъэщІынур къальытэри, УФ-м и МВД-м дэ аргуэру зыкъытщІигъэкъуащ - Іэнатіэщ1эхэр ди деж къыщызэІудигъэхащ, ахэр езыхьэкІыфыну Іэщ1агъэлІ 17-р иджыри къыдигъэщтащ, кхъухьлъатэзехуэ зэрымыс жьыхулъатэхэмкІэ дыкъызэригъэпэщащ, нэгъуэщІ дызыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэри кьытхуищэхуащ.

КІуэкІуэ Юрий зэхихамкІэ арэзы зэрыхъуар къыхэгъэщри, къынэмыщІ и Іуэху епльыкІэхэмкІи къызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

- Ар псори хъарзынэщ, гугъэфІэхри дзэзгъэщІщ, - жиІащ абы. - Мыдрейуэ. Езыр-езыру къэкІ щІэпым и дежкІэ къэдгъэзэжынщи, и чэзу хъуауэ къызолъытэ ар нэхъ «зыхуэлъэ» щІэпІэхэр здэщыІэр къызэрыщІ гъэзгугъэльагъуэ картэхэри зэхэгъэуватхъу. Ар япэрауэ. ЕтІуанэрауэ. ЩІэп гуэрэныбэм зефщытын и пэ къихуэу, фи Іэмыщ1э илъыр, фызыхуэІэзэр зэпэфплъыт, зэхэвгъэкІ: фызрикъун Іэмэпсымэхэмкіэ, удзгъалІэ-сытхэмкіэ, Іуэхум евгъэувэлІэну Іэпэдэгъэлэлу зэрыбгъэдыхьэрщ, къэвгъэльагъуэ бжыгъэхэм я лъабжьэ щІэтыр зэрызэхэвмыгъэкІырщ.

Наркотикхэр зэмыкъэлІэным, зэбгремыгъэхыным хуэунэтІауэ щІэх-щІэхыурэ зэрщагъэкІуэкІыным, абы къришалІэ ныбжьыщІэхэм щабэу зэрепсэлъэлІэм, яцІыху, я дзыхь нэхъ зрагъэз дохутырхэм фІэкІа къызэрамыгъэсэбэпым, нэгъуэщІхэми.

- Дунейпсо практикэм къызэригъэльэгъуамкІэ, щІалэгъуалэр афияным щыгъэщтэнущ жылагъуэм дежкІэ куэдкІэ нэхъыфІщ икІи нэхъ тыншщ, ар «Іупэ-фІэгъу» зэщІахэм Іэщ1ыб ебгъэщІыжыным упылъ нэхърэ, - жиІащ абы.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ЕджапІэщІэ къызэІуахынущ

● ЗэІущІэхэр

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бештокъуэ Жыр-Аслъэн** тепсэлъыхьащ унэм и кадастровэ уасэм тещыхьауэ налогхэр къыхэхьыныжкІэ 2018 гъэм къежІуэІыну зэхъуэкІыныгъэхэм. Къулыкъуэщ1эм зэрыжиІамкІэ, республикэм апхуэдэ унэу 800 итщ.

- Зи гугъу ящІ унэхэр куэдыуэ зэрыхъум къыхэкІыу, къэпщытэныгъэ ирамыгъэкІуэкІыу, зэхагъэува тхыгъэщ. КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унэм къэпщытэныгъэ щрагъэкІуэкІынущ икІи абы ком меларди 10,32-рэ текІуэдэнущ.

КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ зэгъэпэщынымрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** зи гугъу ищІар фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрахьэн папщІэ зэхалъхьэ ахъшэм щыщ зыхуэзфІэмыкІхэм яхуэпшынным теухуауэ къащта унафэрщ.

ЗыдэІэпыкъу хуейуэ къалъытахэм я бжыгъэр цІыху 962-рэ мэхъу. Абыхэм папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм мы мазэм къыІэрыхьэнущ сом 1 мелуанрэ мин 205-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ «Егъэджэныгъэм зегъэужьныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» къызэрагъэпэщыну республикэр хуит къызэращІам.

Зэ1ущ1эм къыщІэта унафэхэм я проектхэр кьекІуэлІахэм зэдзэрэзэІуэ къызэдащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЩIалэгъуалэм яIуощIэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр «Къэрал сыхьэтым» хыхьэу яIущIащ «Политик ныбжьыщIэм и школ» зыфIащам щеджахэм.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я упщIэхэм джэуап иратащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхущхьэмкlэ и комитетым и унафэщI **Азыч Светланэ**, Экономикэмкlэ, инвестицIэхэмрэ хьэрычэт Iэхэумкlэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, Спортымрэ туризмэмкlэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**, Хабзэм тетыныгъэ ар зегъэкIуэныгъэмкlэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**.

ЗэIущIэм ипэм Азычэ Светланэ щIалэгъуалэр щигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым зэрызиужьа щIыкIэм, и кьалэнхэм.

- Си фIэщ мэхъу нобэ ди Iэхэущ-щIапIэм къытхуебгъэга щIалэгъуалэр зэфIэкI зиIэ, я гупсысэ щIэщыгъуэхэмкlэ адрейхэм ткъэхущ защIэу зэрыщытыр. Иджы хэдэу я къэралым нэхъ зэIухауэ цIыхубэм я Iэхэу епльыкIэм гулъытэ щыхуищIа къэхъуакъым. Абы кьыхэкIыу, сыкъуэкIыжьыну и зыужьыныгъэм теуухауэ фи гупсысэмрэ мурадхэмрэ дыщыбгъэгъуэзэну, - кьыхичъэщащ Iэзычэм. Абы дыщIигъуащ щIалэгъуалэм папщIэ КъБР-м и Парламентым Iэхэу щхьэпэ зыбжанэ зэрыригъэкIуэкIыр, абыхэм «Си хабзэбзыкъ жэрдэм» зэпеуэр, «Урысейм дрицIыхуущ!» зэхыхьэр, «Къэрал сыхьэт» зэIущIэхэр зэращыщыр.

«Политик ныбжьыщIэм и школ» дерсхэр зыгъэбелджылы Гериев Расул депутатхэр щигъэгъуэзащ щIалэгъуалэм зэрадзлэжьа щIыкIэм. «Нобэ депутатхэм дежь къэкIуа ныбжьыщIэхэр республикэ унафэщIхэм, жылагъуэ Iэхэущ-щIапIэхэм я лЫкIуэхэм ахуэдэу, абыхэм я лэжьыгъэм хэдгъэгъуэзащ. Нэхъыщхьэращи, щIалэгъуалэм ядыдолъагъу я щIыналъэм папщIэ сэбэп хъуну гукъыдэж зэралэр», - жиIащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм щIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэр къыщагъэльагъуащ 2018 гъэм Пхенчхан щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм Урысейм и гупыр хамыгъэхьну къекIуэкI псалъэмакъэм ятеухуауэ, апхуэдэуи щIэупщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортым зыщегъэужьныныкIэ щыIэ къэрал дэIепыкъунытэр зыхуэдэм.

- Урысейм и спортсменхэр гугъуехь жагъэтыныр иджы япэу къэхъу Iэхэуцкым. СыэзэрепльыкIэ, абы ди къэралыр нэхъри нэхъ ерыщ ищIу, спортым зэрызригъэужьныным телэжьэн хуейуэ аращ. Псалъэм папщIэ, сэ зэрысщIэмкlэ, сыкъыщыхъуа Былым къуажэм дэт спорт пэшыр зэIузэпэщхьыми, зэхуэщIащ. ЗэрыфщIэщи, а жылэм спортсмен цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Сыт хэкIыпIэу щыIэр? - жиIащ «Политик ныбжьыщIэм и школыр» къэзыуч **Абдуллаев Махьмуд**.

Республикэм спортым зэрызыщагъэужьным теухуауэ жэуап щитым, Бэрэгъун Арсен кьыхигъэщащ 1950 - 1960 гъэхэм яухуауэ щыта спорт Iэхэущ-щIапIэхэм я нэхъыбэр зэрымыщIагъуэр. «Гугъуехьэм емылъытатэу, республикэм спорт Iэхэущ-щIапIэхэр хуэм-хуэмурэ кьыщызэIуах икIи къыхэзыщIэхъэщ 2020 гъэм ирихьэлIэу ди къуажэхэм я процент 67-м спортым зыщыкуагъэсэ пэшхэр зэралэнур», - жиIащ Бэрэгъуным.

ЩIалэгъуалэм яфIэгъэщIэгъуэну зыщагъэгъуэзащ республикэм и зыужьныныгъэм зи мыльку кьыхэзыльхьэнухэр къызэрыращалIэ щыкIэм, щIалэгъуалэм езым къилэжьыныкIэ ирипсэужьыфу хъун щхьэкIэ тщIапхъэм, щIалэгъуалэм хабзэм пщIэ хуащIу, я хуитныгъэр яхъумэжьыфу къэхъун папщIэ зызытрагъэщIэн хуейхэм, нэгъуэщIхэми.

- ЕджапIэ нэхъыщхьэм декану сыщыщылэжьам, лекцэм япэ дыдэу сыщыщыхьэм яжеIэу щытащ тхылъымрэ газетхэмрэ я Iэпэгъуу щытын зэрыхуейр, абы я къуэхьым зэрызригъэужьынур. ЦIыхум и хуитныгъэр егъэщIэным къыдэкIуэу, щхьэж и кьалэнхэри ищIэн хуейщ, итIанэщ лъэщ дыщыхъунур», - жиIащ Азычэ Светланэ.

ЗэIущIэм хэта щIалэгъуалэм зыщрагъэплъыхьащ Парламентым и Унэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

ЗыгъэпсэхупIэр къызэIуах

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм иджыблагъэ зыгъэпсэхупIэ парк къыщыдзэIуахащ. Iуэхур ягъэзэщIащ «Урысей зэкъуэт» парторганым и Къалэ цIыкIуэхэм я зыгъэпсэхупIэхэр» проектым тету.

ЗЫГЪЭПСЭХУПIЭ парк жыгыщIэ лIэужьыгъуэу 850-рэ щагъэтIысащ. Абыхэм псы зэрыщагъэльэдэну Iэмалыр зэтраухуащ, щIыпIэр ягъэнэхуащ икIи тетIысхьапIэхэр щагъэуващ, зи узынщагъэм къимыхьэхми хуэщIауэ.

ЗыгъэпсэхупIэр къыщыщызэIуахым зыкъыгъэхьэлIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Марьяш Иринэ**, Iуащхьэмахуэ район администрацIэм и Iэтащхьэ **Залиханов Къанщобий**, кьалэ администрацIэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я унафэщIхэм, Iуэхущ-щIапIэхэмрэ предприятэхэмрэ я лэжьакIуэхэм, еджакIуэхэм, кьалэдэсхэм.

Залиханов Къанщобий кьалэдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ фIэхъус щарихьм, кьыхигъэщащ я зыгъэпсэхупIэ паркыр зэрырагъэфIэкIуам къыхэкIыу абы цIыху нэхъыбэ кьекIуалIэ зэрыхъуар. А Iуэхур ягъэзэщIэнымкlэ къадэIэпыкъащ Iуэхущ-щIапIэ 28-м я лэжьакIуэхэр. ЗыгъэпсэхупIэр зыхуей щыхуагъаззм кьалэдэсхэм я Iуэху еплъыкIэхэри кьалъытащ. Абыхэм «Урысей зэкъуэт» партым фIыщIэ ин Iуэхущ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху дахэр зэрагъэзэщIам папщIэ.

Марьяш Иринэ кьыхигъэщащ проектым арэзы зэрытехьуар, лэжьыгъэшхэр зэрызэфIагъэкIар. Абы фIыщIэ яхуищIащ кьалэ администрацэмрэ подряд Iуэхущ-щIапIэмрэ, зи щIыналъэр фIыуэ зильагъу, Iуэхум зи гуащIэ хэзыльхьа кьалэдэс жэрдэмщIакIуэхэм.

Марьяш Иринэ, Залиханов Къанщобий, Тырныауэ кьалэ администрацэм и Iэтащхьэ Джаппуев Руслан сымэ лентI плъыжьыр зэпаупщIа нэужь, зыхуей хуагъэзэжа зыгъэпсэхупIэм псори ирагъэблэгъащ.

Зэхьихьэ гуапэр зрэдэзкащ Кулиев Къайсин и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм и артистхэм.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ-щIапIэм и лэжьакIуэ.

● Узыншагъэ

Я лэжьыгъэр йофIакIуэ

Нарткъалэ дэт районхэм зэдай сымаджэщым, Неврологхэм я дунейпсо махуэм «Дэжь зэIуахам и махуэ» щрагъэкIуэкIащ. ЩIэуэ къызэIуаха реабилитацэ къудамэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзэну абы щыIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныныкIэ и министр Расторгуевэ Светланэ. ЗэIущIэм хэтащ министерствэм и штатым хэмыт невролог нэхъыщхьэ Дэлэл Индирэ, район сымаджэщхэм къикIа дохутырхэр.

МИНИСТРЫМ зригъэлъэгъуащ реабилитацэмкlэ я къудамэщIэм и пэшхэр. IэщагъэлIэхэм ар щагъэзэгъащ инсулт зиIэ, щхьэм, Iэм, лъакъуэм, тхым ягъуэта удынхэм, ортопедие операцэхэм яужькIэ сымаджэхэм я узыншагъэр зэфIэгъэувэжьныныкIэ яIэ иджыпрей Iэмэпсымэхэм. Дохутырхэм жаIащ, я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам арэзы кьызэрищIыр. Аруан районым хьыхь Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм щыщ сымаджэр Расторгуевэм кьыщепсальэм кьыхигъэщащ и узыншагъэр зэфIигъуэжьын папщIэ иджы мазиплI кьэс зэ зэгъэущ щIыналъэм кIуэн зэрыхуэмейм икъуэкIэ зэрыщыгуфIыкIар.

Дэлэл Индирэ жиIащ къудамэщIэм и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеубла зэрыхъуар икIи республикэм и неврологхэр езыхэр зэIэзэхэр я узыншагъэр ираГъэфIэкIуэжьну мы сымаджэщым къызэрагъэкIуэнум шэч къызэрытримыхьэр. Апхуэдэу лэжьыгъэр адэкIи зэрефIэкIуэным теухуауэ чэнджэщ зыбжанэ яритащ, мультидисциплинарнэ гуп къызэрагъэпэщыну къыхуриджащ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ абы щыхуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм цIыку куэд зэрыхуэныкъуэр къалъытауэ, илъэс кьакIуэм къудамэм зрагъэбгъуну зэрармрадыр, ар кьехъуIэмэ, гъунэгъу щIыналъэхэм кьикI сымаджэхэм дэIепыкъуэгъу зэрахуэхъуфынур.

- ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании кIэ къыпхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм илъэсищ хъуауэ хохьэ зи гугъу тщIы дэIепыкъуныгъэр, - жиIащ Расторгуевэ Светланэ. - Апхуэдэ медицинэ дэIепыкъуныгъэхэр зыгъэутхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохьэ. Къапщтэмэ, 2015 гъэм ахэр цIыху 800 хьууэ щытамэ, кьыкIэлъыкIуэ илъэсым я бжыгъэр 2189-м нэсынущ. КъищынэмыщIауэ, сымаджэхэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэми кьыхэхъуэнущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ-щIапIэ.

● Футбол

ЩIымахуэ зэхьэзэхуэхэм щIадзэ

Налшык и курыт еджапIэ №31-м и Iэрыщ губгъуэм щыщIидзащ КъБР-м и къалащхьэм и администрацэм и Iэтащхьэм и кубокыр футболымкlэ къэхьыныным теухуа щIымахуэ зэхьэзэхуэ зэIуахам. Языныкъуэхэр абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIымахуэ чемпионаткIэ йоджэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я командэ 16. Налшык и курыт еджапIэ №31-м и Iэрыщ губгъуэм ахэр зэрыгъэ тхьэмахуэ къэс гъэзэрыгъэуэрэ щызэдоджэгу. Зэпеуэм щытекIуам кубокыр ират, иужь увыпIитIыр къэзыхьэр япэ гупым ягъакIуэри, абы и нэхъыфIитIыр гуп нэхъыщхьэм драгъэкIуэткI.

Щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу зэхьэзэхуэм щIидзащ. Нэгъабэрей зэпеуэм текIуэныгъэр къыщызыхьа Къэхьэ и «Керт»-м ерыщу къыпхущIэтащ гуп нэхъыщхьэм хахъэхьагъащIэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым и студентхэр. Апхуэдэу щыт пэтми, чемпионым зы топ закъуэри хурикъуащ, и хьэрхуэрэгъур хигъэщIэн папщIэ.

ТекIуэныгъэкIэ зэхьэзэхуэр ирагъэжьащ хэгъэрейхэми. Школ №31-м и командэм 2:1-уэ efIэкIащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м.

«Союз-Сэрмакъымрэ» Зеикъуэ и «Шагъдиймрэ» я зэпэщIэтыныгъэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Судьям футболист зыбжанэм дагъуэ яхуищIащ, уеблэмэ зеикъуэдэсхэм ящыщ зы джэгум кьыхихун хуей хъуащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу «Шагъдийр» 1:0-у текIуащ.

Апхуэдэ дыдэ бжыгъэ кьрикIуащ Налшык и «Звездамрэ» «Астемырымрэ» я зэIущIэм.

Адрейхэр псори бжыгъэр къызэIуамыхауэ зэбгъэдэкIыжащ. Школ №31-м и командэм 2:1-уэ efIэкIащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м.

«Союз-Сэрмакъымрэ» Зеикъуэ и «Шагъдиймрэ» я зэпэщIэтыныгъэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Судьям футболист зыбжанэм дагъуэ яхуищIащ, уеблэмэ зеикъуэдэсхэм ящыщ зы джэгум кьыхихун хуей хъуащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу «Шагъдийр» 1:0-у текIуащ.

Апхуэдэ дыдэ бжыгъэ кьрикIуащ Налшык и «Звездамрэ» «Астемырымрэ» я зэIущIэм.

Къэбэрдей

● Дыгъэгъазэм и 9-р Урысейм и Лыхъужьхэм я махуэщ

Георгий щихъым и орденыр зыхуагъэфэща адыгэлІхэр

Дыгъэгъазэм и 9-м Урысейм щагъэлъапІэ Хэкум и Лыхъужьхэм я махуэр. Къэралыгъуэ къэс яІэжщ я лыхъужьхэр, зауэлІхэр, цІыху хахуэхэр, уэзщІакІуэхэр зэрыхаІэтыкІ мардэхэр. 1769 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м (иджы дыгъэгъазэм и 9-м) пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ къаублауэ щытащ Георгий щихъым и орденыр яту. Дызэрыщыгъуаззщи, офицерхэр зэрагъэлъапІэ саугъэтхэм я нэхъыщхьэ дыдэр аращ. Ар зыхуагъэфащэр зауэм лыгъэ щызыгъэлъэгъуа, къэралым зэрыхуэщхьэпэн Іуэху зыхузэфІэкІа офицерхэр, генералхэр, дзэпщхэр арат.

ГЕОРГИЙ щихъым и орденым нагъыщиплІ иІэщ. Орденым и яп нагъыщэр зиІар щыху 25-рэ хъууэ арат. Орденым и нагъыщиплІри зыхуагъэфащар щыхуиплІ кІудейщ! Ахэр Голенищев-Кутузов М., Барклай-де-Толли М., Паскевич-Эриванский И., Дибич-Забалканский И. дзэпщ-фельдмаршалхэращ. Дызытепсэлъыхь орденыр къэпхыну гугъу дыдэт ихІи абыхэм я мыхьэнэр зэрыиным щыхьэт тохъуэ ар зыхуагъэфащэхэмрэ абыхэм я щІэблэмрэ уэркъхэм хабжэу зэрыщытар.

Адыгэ лъапкъым къыхэкІащ а саугъэт лъапІэр зыхуагъэфэща лІы куэд.

1787 - 1791 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Тырку зауэр

Урысейм и телъхьэу а зауэм хэтащ Къэбэрдеишхуэмрэ Джылахьстэнеймрэ я уэркъ мин зыбжанэ. Зауэ губгъуэм щагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ адыгэлІ зыбжанэм офицер цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщауэ щытащ, поручикым деж къыщыщІэдзауэ подполковникым деж щиухыжу. А къэбэрдеидзэм и пашэт Горич генералыр.

Гергий щихъым и орден лъапІэр япэ дыдэу зрата муслъымэныр **ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил-бей** къэбэрдеипщырщ. 1790 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Измаил тырку быдапІэр къэзакъ полкым хэту къыщащтам щыгъуэ абы игъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ полковник цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэ

И ІуэхущІафэкІэ, лІыгъэкІэ а зауэм къыхэжаныкІахэм ящыщщ **Бэджыдэ Адэлджэрий** (чыристан диныр къищта нэужь Давид Григорьевич цІэр къыфІащащ). Урысей пащтыхьыгъуэмрэ Франджымрэ я зэхуаку къыдэхъуа зауэм щигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ илъэс 36-рэ хъу къэбэрдей уэркъым, подполковникым 1815 гъэм фокІадэм и 19-м кратауэ щытащ Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр. ИужькІэ Бэджыдэм генерал-майор цІэри къыхуагъэфэщащ.

А зауэ гуащІэм зыкъыщигъэлъэгъуат кІэмыргуей уэркъ, тэтэр щууей полкым и подполковник, Кьрымым щыпсэу адыгэ **Бэлэтокъуэ Къэйбей** (Кирилл Матвеевич). 1812 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м абы кратащ Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр икІи генерал-майор хъуху дзэм къулыкъу щищІащ.

Хьэгъундокъуэ Едыдж (Константин)

Бицу Ахьмэд

Анзор Мудар

Урыс-Тырку зауэм (1877 - 1878 гъэхэм)

Мы зауэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар Уэсмэн къэралыгъуэм Балканхэр къыІэщІэзыжыныгъщ. А зауэм хэтащ адыгэ зауэлІ мин бжыгъэхэри. Абыхэм ящыщщ мэздэгу шуудзэм и пашэ **Альтудокъуэ Тепсэрыкъуэрэ** (1832 - 1898 гъгъ.) дзэпщ **Шыпш Темырхъанрэ** (1830 - 1904 гъгъ.). ТІуми Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр кърата ныуэкъ урысей уэркъхэм ящыщ хъуащ. А зауэм щигъэлъэгъуа зэфІэкІым папщІэ, Альтудокъуэм къыхуагъэфэщат дыщэм къыхэщІыкІа Іэщи, «Хахуагъэм папщІэ» жиІэу тедзауэ.

1904 - 1905 гъэхэм екІуэкІа Урыс-Япон зауэ

Ищхъэрэ-КъуэкІыпІэ Китаймрэ Кореемрэ щытепщэнум папщІэ Урысеймрэ Япониемрэ зэпэщІэзувауэ щытащ 1904 гъэм мазаем и 9-м. Илъэсрэ мазийкІэ екІуэкІа зауэм хэтащ къэбэрдейхэри, шэщэнхэри, осетинхэри, дагъыстэнхэри, ингушхэри, адыгейхэри. А зауэм зи цІэр ину щыІуа офицерхэм ящыщщ къэбэрдей уэркъ **Хьэгъундокъуэ Едыдж** (Константин (14.09.1871 - 02.12.1958 гъ гъ.). ЗауэлІ, генерал, цІыху гъуэзэджэу щыта Хьэгъундокъуэ Исмэхьил и къуэ Едыдж Къарамэхьблэ къуажэм щыщ дыжьын уэркъ унагъуэм къыщалъхуащ. Исмэхьил ящыщщ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм уэркъ сабий анэмэту адыгэхэм къыІахахэм. Сабийр лІыпІэ щиувэм, чыристан диныр къращъэгэри, гусар полкым къулыкъу щрихьэкІыну ягъэкІуащ. Щыпкъагъэ зыхэль адыгэ щылпъу уэркъ щІалэм и Іуэху зэфІэхыкІэр дзэзешэхэм ягу ирихьри, подпоручик ящІащ икІи пІалъэ кІэщІкІэ дэкІуеящ къулыкъукІэ.

1902 гъэм Едыдж щІотІысхьэ штаб нэхъыщхьэм и академием икІи ар 1904 гъэм екъулІэныгъэфІ иІэу къеухри, Урыс-Япон зауэр къыщыхъейм Едыдж езым и лъэІукІэ КъухьэпІэ Жыжьэм егъэзэж. Абдеж Едыдж къыщилъэщащ Аннэ щихъым 2-нэ, 4-нэ нагъыщэкэр зиІэ и орденымрэ Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэмрэ.

Урысыпщ, къэбэрдей лІакъуэлІэш **Анзор Мудар** (1883 - 1927гъгъ.) тэрч-псыжь шуудзэм и пашэу хэтащ 1905 гъэм екІуэкІа Урыс-Япон зауэм. Абы 1907 гъэм Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Абыхэм я закъуэкъым, япон зауэм хэта адыгэ зауэлІ 42-р ягъэлъапІат Георгий и жор орденымкІэ.

Япэ дунейпсо зауэ

Къэрал 38-рэ щызэпэщІэува, илъэсиплкІэ екІуэкІа Япэ дунейпсо зауэр щІидзауэ щытащ 1914 гъэм шыщхьэУфым и 1-м. Хабзэ зэрыхъуати, адыгэ офицерхэмрэ къыхэрыгуэкІ зауэлІхэмрэ къыхэщхьэхуКІащ а зауэ гуащІэми.

Бжьэдыгъу уэркъ (языныкъуэ тхыдэджхэм ар хьэтыкъуейуэ жалэ) **ЛІыхэс Мурат-Джэрий** (15.08.1873 - 15.05.1920 гъгъ.) подполковник цІэр зэрихьэу хэтащ Япэ дунейпсо зауэм, 21-нэ артиллерие бригадэм и зауэлІу. А зауэм щигъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ 1915 гъэм мэлыхьыхьым и 17-м къыхуагъэфэщащ Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр. 1920 гъэм генерал-майор ЛІыхэсыр Баку къалэм большевикэм щІэбыдри, яуклащ.

Урыс-Япон зауэм щызэпэхьа лІыгъэм папщІэ Георгий и жор орденымкІэ ягъэлъапІа **Едыдж Николай** лъэпкъкІэ абэзэхэт. Япэ дунейпсо зауэр къэхъеят нэужь, 1915 гъэм ГъатхэпэМ и 27-м Козовкэ къуажэм дежь щекІуэкІа зэхэуэм хэкІуэдауэ щытащ ар, икІи мазибгъу дэкІуэ Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр хуагъэфэщауэ щытащ зэрылІаУэ.

1916 гъэм накъыгъэм и 23-м къэбэрдей уэркъ, полковник **Бекович-Черкасский Тембот** (Федор Николаевич) Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Япэ дунейпсо зауэм щыхэтам къигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ. Ар а лъэхъэнэм къэбэрдей шуудзэм хэту зэуащ.

Япэ дунейпсо зауэм и тхыдэм къыхолыдыкІ **Уэлэгъей Сергей** (1875 - 1944 гъгъ.) и цІэр. 1916 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м шууищэу 3-мрэ пулемёт взводымрэ я пашэу Стохода псым икІэрри, бийм пулемётышэр къаззрытригъэлъалъэми къимыгъэувыІэу, Рудни-Черевище къуажэм зыщагъэбыдащ. ИтІанэ езыхэр бийм хэуэурэ лъэсыдзэр псым икІащ, и хэщІыныгъэр нэхъ мащІэу. Уэлэгъей Сергей Георгий щихъым и орденым и 4-нэ нагъыщэр кратауэ щытащ 1917 гъэм щІышылэм и 17-м. НэгъуэщІ къэрал щыпсэууэ дунейм ехьжащ.

Япэ дунейпсо зауэм хэта Къэбэрдей шуудзэм щыщу зауэлІ 429-рэ Георгий и жор орденымкІэ ягъэлъапІащ. КъищынэмыщІауэ, мы орденым и нагъыщиплІри кратащ:

Анзор Пщымахуэ (1870 гъэм къалъхуащ) - 1914 - 1917 гъэхэм 18-нэ ищхъэрэ полкым къулыкъу щищІащ, Георгий жорым и 4-нэ, 3-нэ, 2-нэ, 1-нэ нагъыщэхэр, «Хахуагъэм папщІэ» Георгий медалым и 4-нэ нагъыщэр кратащ, Граждан зауэм поручикыу хэтащ, 1920 гъэм абы ибгынащ хэкур;

Астэмыр Дэхъушокъуэ (1872 гъэм къалъхуащ) - Урыс-Япон зауэми, Япэ дунейпсо зауэми кавказ шуудзэм щыщу хэтащ, 1920 гъэм штабс-ротмистр къулыкъум нэсауэ хэкур ибгынащ;

Ахъуэхъу Кушбий (1891 гъэм къалъхуащ) - кавказ шуудзэм и къэбэрдей полкым хэтащ, 1915 гъэм Георгий жорым и 4-нэ, 3-нэ, 2-нэ, 1-нэ нагъыщэхэр кратащ, 1920 гъэм хэкум икІри, США-м дунейм щехьжащ;

Быжьдыгъу ТІитІэ (1884 гъэм къалъхуащ) - кавказ шуудзэм и къэбэрдей полкым хэтащ, Георгий и жор орденхэм къищынэмыщІауэ, Георгий медалым и 3-нэ, 4-нэ нагъыщэхэмкІэ ягъэлъапІащ, 1920 гъэм хэкум икІащ;

Джатауэ Уэлий (1872 гъэм къалъхуащ) - Урыс-Япон зауэми Япэ дунейпсо зауэми кавказ шуудзэм щыщу хэтащ;

Джарым Мусэ (1876 гъэм къалъхуащ) - бжьэдыгъу уэркъщ, Урыс-Япон зауэми Япэ дунейпсо зауэми кавказ шуудзэм щыщу хэтащ;

Дыкъуэ Хьэзешэ (1873 гъэм къалъхуащ) - джылахъстэней уэркъщ, кавказ шуудзэм хэтащ, Георгий и жорым и нагъыщиплІри къихьащ, 1920 гъэм прапорщик цІэр зэрихьэу хэкур ибгынащ;

Инарокъуэ Алий (1893 гъэм къалъхуащ) - кавказ шуудзэм хэта джылахъстэней уэркъщ. Алий илъэс 22-рэ хъууэ арат Георгий и жорым и нагъыщиплІри къыщыхуагъэфэщам. КъищынэмыщІауэ, Румыниемэ таж пыІэм и орденыр кратащ, штабс-ротмистр цІэр зэрихьэу Граждан зауэм хэкІуэдащ;

Къэблахъуэ Жэмалбий (1890 гъэм къалъхуащ) - абазэщ, кавказ шуудзэм и шэрджэс полкым хэту зэуащ, Георгий и жорым и нагъыщиплІри къихьащ, 1920 гъэм ар Іэпхъуащ Туркым;

Къугъуэлъкъуэ Мысост (1874 - 1933 гъгъ.) - къэбэрдей лІакъуэлІэшщ, Урыс-Япон зауэми Япэ дунейпсо зауэми хэтащ, абыхэм щигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ Георгий и жорым и нагъыщэкэр къыхуагъэфэщащ. Мысост 1930 гъэм и пэхэм тутнакъэщым ирадзэри, 1933 гъэм накъыгъэм и 1-м абы иЛыхьащ;

ПащІэшхуэ Учьжыкъуэ (1890 гъэм къалъхуащ) - кІэмыргуейщ, Япэ дунейпсо зауэм хэтащ кавказ шуудзэм и шэрджэс полкым щыщу, Георгий и жорым и нагъыщиплІри кратащ;

СулътІан Бэзэт-Джэрий (1885 - 1919 гъгъ.) - Улап къуажэм къыщалъхуащ, адыгэ хъуа кърым Джэрийжм ящыщщ, Япэ дунейпсо зауэм хэтащ кавказ шуудзэм и шэрджэс полкым щыщу. Абы щигъэлъэгъуа хахуагъэм папщІэ Георгий и жорым и нагъыщиплІри къыхуагъэфэщащ, 1920 гъэм Тыркум Іэпхъуащ;

Тамбий Исмэхьил (1875 - 1918 гъгъ.) - къэбэрдей лІакъуэлІэщщ, Урыс-Япон зауэм щыІащ Тэрч-Псыжь шуудзэм хэту, абырэ Япэ дунейпсо зауэмрэ къыщигъэлъэгъуа лІыгъэхэм папщІэ Георгий и жорым и нагъыщиплІри кратащ. Граждан зауэр екІуэкІыу, подпрапорщик къулыкъум нэсауэ 1919 гъэм абы хэкІуэдащ;

Тхьэзэплъ Исмэхьил (1890 гъэм къалъхуащ) - къэбэрдей мэкъуэмэшыщІэщ, Кавказ шуудзэм и къэбэрдей полкым хэту Япэ дунейпсо зауэм лІыгъэшхуэ къыхэзрыщигъэлъэгъуам папщІэ Георгий и жорым и нагъыщиплІри къыхуагъэфэщащ 1915 - 1917 гъэхэм, абы къищынэмыщІауэ, инджылыз зауэ медалкІэ, «Барбатия си Кредица» румын медалымрэ джатэкІэ ягъэлъэпІащ, 1920 гъэм Тыркум, итІанэ США-м Іэпхъуащ, аращ дунейм щехьжари;

Хьэмыкъу Зэкэрие (1885 гъэм къалъхуащ) - Псыжь щІыналъэм хуябыдэ Къэсей къэблэм щыщ къэбэрдей корнетщ. Япэ дунейпсо зауэм хэтащ Кавказ шуудзэм щыщу икІи абы щызэрихьа лІыгъэр ягъэлъэпІащ Георгий и жорым и нагъыщиплІымкІэ. Хьэмыкъуэр хэтащ Граждан зауэми;

ХьэпцІэ Берд (1896 гъэм къалъхуащ) - джылахъстэней уэркъщ, Кавказ шуудзэм хэту Япэ дунейпсо зауэм лІыгъэ щызэзыхьахэм, Георгий и жорым и нагъыщиплІри, франджы зауэ медали зыхуагъэфэщахэм ящыщщ, 1920 гъэм Алжир Іэпхъуащ, илъэс зыбжанэ дэкІри, СССР-м къигъэзэжат, ауэ 1928 гъэм политикэ ІуэхукІэ зэхэзэхуэн ящІри, тутнакъэщым ирадзащ;

Щхьэлахъуэ Рэмэзан (1895 гъэм къалъхуащ) - шапсигъщ, Япэ дунейпсо зауэм хэтащ Кавказ шуудзэм и шэрджэс полкым щыщу. 1917 гъэм и зауэ къулыкъум пищащ прапорщик къулыкъур зэрихьэу. Ауэ абы и пэ къихуэу Георгий жорым и нагъыщиплІри къыхуагъэфэщат. 1920 гъэм хэкур ибгынэри, 1923 гъэм СССР-м къигъэзэжащ, ар ящыщщ политикэ ІуэхукІэ зэхэзэхуэн ящІу ягъэтІысхэм;

Бицу Ахьмэд (1870 гъэм къалъхуащ) - къэбэрдей мэкъумэшыщІэщ, Урыс-Япон, Япэ дунейпсо зауэхэм хэтащ, абыхэм щызэрихьа лІыгъэм папщІи Георгий и жорым и нагъыщиплІри къыхуагъэфэщащ 1915 - 1919 гъэхэм.

Мыбыхэм къищынэмыщІауэ, иджыри куэд диІэщ зауэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ щагъэлъэгъуауэ, цІэрыІуэ хъуахэу. Уэркъ лІакъуэ къызэрыхэкІар ягъэпэжу, зышІапІыкІа хабзэ дахэмрэ я лъым хэт лІыгъэмрэ ягъэлъагъуэу, зауэм хэта адыгэ щІалэхэм генерал, дзэпщ цІэ лъапІэхэр зыфІащам къаухэкІащ. ТекІуэныгъэ мащІэ къыхухьа-къым абыхэм Урысейм.

Зэрытлъагъуци, ящыныкъуэ адыгэ лІыхъужьхэр Адыгэ хэкум пэжыжьэу, уеблэмэ, я динри, дунейри, цІэри яхъуэжауэ къэгъуэгурыкІуащ, гъащІэ хьэпьи къагъэщІащ, ящыныкъуэхэри кІуэдыкІейуэ кІуэдыжащ. Ари зы лъэхъэнэт, тхыдэм и зы напэкІуэцІти блэкІащ.

Ди тхыгъэм и кІэм къыхэдгъэщынут зы Іэхугъуэ - тхыдджхэм зэпымычу жалэ апхуэдиз лІыгъэ зезыхьа адыгэ лІыхъужьхэм я адэжь щынальэм зэрыщамыцІыхур, ахэр дыззрилар цІыхум ящІэн папщІэ зы фэеплъ зэрыщымыІэр.

Тхьдэ щІэныгъэхэм я кандидат Къэзакъ Аслъэн и лэжьыгъэр и тегъэщІапІэу, тхыгъэр зыгъэхьэзырар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Шыпш Темырхъан и унагъуэр и гъусэу.

● Щэнхабзэ

Абхъаз театрым бжьыпэр еубыд

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джыблагъэ щекІуэкІащ «Южная сцена» дунейпсо театр фестивалыр.

- ФЕСТИВАЛЫР 2010 гъэм Фырэ Руслан и жэрдэмкІэ ирагъэжьауэ щытащ. Зэрынэрылъагъущи, лъапІэ махуэ ичат а Іуэхум икІи мы гъэм ещанэу ар ди республикэм щызэхашэ. Абы ипэкІэ фестивалыр Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм я деж щрагъэкІуэкІыу щытамэ, мы гъэм щегъэжьауэ дунейпсо мыхьэнэ иІэ хъуащ, - щыжиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Іэминэ** а Іуэхум хэгъэпса пресс-конференцым.

- Лъэпкъ щхьэхуэм и дунейм ухьхьэныр, абы щыгъуазэ зыпщыфыныр насыпышхуэщ - а лъэпкъым и псэ къулеигъэр зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми зыхьибощІэ. Хуабжьу гъэщІэгъуэнщ театр дунейм зэрызиужьым укІэлъыплъыну, ауэ щыхъукІи, абы лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр екІуу щахъуэмэж. Лъэпкъ театрым гъэпсыкІэ щхьэхуэ иІэщ, абы тхакІуэщІэхэр къыщагъэунэху къохъу, ар икъукІэ Іуэху щхьэпэщ, - къыхиГэщащ театрым и критик, «Страстной бульвар» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Плебовэ Еленэ**.

«Ночь вдали от Родины» фІэщыгъэм щІэт таджик спектаклымкІэ къыщэлуахащ фестивалыр. И гупсысэ нэхъыщхьэр цІыхур къуэпс быдэкІэ и хэкум зэрыпыщІарщ, абы хуиІэ фІыпІагъуныгъэ иныращ.

Фестивалым хэтащ Абхъазым, Шэшэным, Дагъыстэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Таджикистаным, Осетие Ипщэм къикІа театр гупхэр. А псоми ящыщу нэхъыфІу къалъытар Чанбэ Самсон и цІэр зезыхьэ Абхъаз къэрал драмэ театрым игъэлъэгъуа «Пешком» спектаклырщ.

Режиссёр нэхъыфІ хуэащ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщІ Фырэ Руслан (ягъэлъэгъуар Ольмезов Мурадин и «Уэ лъапІэм» къытращыкІа спектаклырщ). А лэжьыгъэращ «Сценографие нэхъыфІ» ІыхьэМ пэрыт щыхъуари.

Цыхухъум и роль нэхъыфІ ягъэзэщІауэ къалъытащ артистхэу Жангуразов Мэжид (Балъкъэр театр), Шыбзыхъэу Басир (Къэбэрдей театр), Абдумумин Шарафи (Таджик театр). «Цыхуб роль нэхъыфІ» Іыхьэм я цІэ къыщаІуащ: Ёровэ Мохпойкар (Таджик театр), Гаджитэ Игэ, Маргиевэ Ингэ (Осетие Ипщэ театр), Багаповэ Зулейхан (Шэшэн театр) сымэ.

Фырэ Руслан къызэрыхигъэщамкІэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ екІуэкІ фестивалыр кІуэ пэтми нэхъ ину, зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщ.

- «Южная сцена» фестивалым къыхьыхьэну хуейуэ куэдым хъыбар къыдагъэщІат. Псалъэм папщІэ, Дагъыстэным щыщу театриблым къытхуатхати, Даргин театрым и закъуэщ къыхэтхар. Хуабжьу спектакль гъэщІэгъуэн куэд утыку кърахьат мы гъэм. Апхуэдэт Таджикым, Абхъазым, Шэшэным къикІа гупхэм ягъэлъэгъуахэр. Театрым и лэжьакІуэхэм ди зэфІэкІыр здынэсымрэ, адрет театрхэм щекІуэкІ гъащІэмрэ тлъагъунымкІэ, зыдужьымкІэ фестивалым и кьалэныр инщ, - жиІащ Фырэ Руслан фестивалыр щызэхуащІыж пшыхьым.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



2017 гъэм дыгъэгъазэм и 12-р цІыхухэм яІущІэным теухуа урысейпсо махуэщ

Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувам тету, 2013 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм, дыгъэгъазэм и 12-м, сыхьэт 12-м щегъэжьауэ 20-м нэсыху цІыхухэм щаІуощІэ Урысей Федерацэм и Президентым цІыхухэм щаІущІэн и екІуэлІапІэу Москва дэтым. Урысей Федерацэм и Президентым цІыхухэм щаІущІэ и екІуэлІапІэу федеральнэ округхэмрэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я административнэ центрхэмрэ щыІэхэм, къэрал властым и федеральнэ органхэм я Іэнатіэу щыналъэхэм щыІэхэм, федеральнэ къэрал органхэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм.

2017 ГЪЭМ дыгъэгъазэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я уполномоченнэ къулыкъущІэхэр цІыхухэм щаІущІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я приемнэм (Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27).

Къекіуалізхэм зыхуэфащэ документ (паспорт) яІыгъын хуейщ.

Цыхухэм яІущІэныкІэ дунейпсо махуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм зэрыщекІуэкІыну щыкІэм теухуа информацэр а органхэм Интернетым щаІэ сайтхэм итщ.

● Щымахуэ теплъэгъуэхэр



Псей цІыкІур уэсым щІихъумащ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, хирург-ортопед, травматолог Іэзэхэу Іимам Аслъэн МуІзед и къуэмрэ Емкъуж Олег Лиуан и къуэмрэ Илъэсыщ Іэ къэблагъэмкІэ сохъуэхъу

Мы щІалэхэр щолажьэ Саратов къалэм Травматологиемрэ ортопедиемкІэ дэт щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. Иджыблагъэ си щхьэжІ эгъэунэхуащ абыхэм я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ зыхуэдэр, гъэсэныгъэ дахэ зэрахэлъыр.

Фи узыншагъэр быдэу, фи дэрэжэгъуэм, беягъэм хэхъуэ зэпыту, гуфІэгъуэр фи куэду, фи гум илъым фыльэІэсу, фи лэжьыгъэмкІэ ехъулІэныгъэ фиІэу Тхьэм фигъэпсэу. Хабзэ, нэмыс, цІыхугъэшхуэ фхэлъу фыкъокІуэкІри, фи пщІэм адэкІи хэхъуэну си гуапэщ.

ПЩЫУКІ Ленэ.

ГЪУКІЭ Маринэ

Усщыгъупщэмэ - сигу зыкъэгъэкІыж!

Новеллэ

ЩХЬЭГЪУБЖЭМ къыдих сабэм пэш блын хужьым Іэплі эхуещІри, и куэщІым кьонэ. Абы къыкІэлъыпхъуэу пэшым къыщІэльэда жьы мащІэм хущхъуэмэм и Іэпэр иІыгъыу кьрешэкІ. Щхьэгъубжэ Іухам кьыдих епэрымэ гуакІуэр а псом къыхохьэжри, я лъэужьи къэмынэу егъэкІуэд. Ар къысІуроуэри, си нэхэр къыззытызох икІи сызыщІэлъ пэшыр къызэхэсплъыхьын щІызодзэ. Сабэм гъуабжэ ищІа блыныр, емышыжу сыт щыгъуи зы цІыху зытес шэнт заказуэр, зы стІол, гъуэлъыпІэм пэжьжьэу, сэ - а гъуэлъыпІэм къыхэмыкІыу хэлъу. Аращ пэшым щІэлъыр зэрыхъэр.

Сыкъыззэрыушар илъэгъууэ, си пащхьэм исыр къызоупщІ:

- Зыгуэр ухуей?

«Хьэуэ» жьыхэсІэу си щхьэр сощІ. Абы и нэгум гупсэхуэ соплъэ, си нэхэмкІэ сурэт тесхым хуэдэу. Си щхьэм кьихьа упщІэ ещтынрэ езмытынрэ сымышІэу сыщылъщ, итІанэ:

- Хэтыт жьпІа си цІэр?

- Мариещ, уи цІэр Мариещ...

- Уэ-щэ?

- Аслъэнщ, - шыІэныгъэшхэу хэлъу аргуэру зэ къытрегъэззэк си пащхьэм исым.

- Сэ сы-Мариещ, уэ у-Аслъэнщ, - къызоІущэщ сэри.

- Аращ: уэ у-Мариещ, сэ сы-Аслъэнщ.

- Дэнэт дышІепсэур?

- Мы кьалэм дыщолсэу... Тхьэмахуэ и пэкІэ уджакІуэ щІалэм ирын игъэтащ. Машэ, зыри къэпщІэжакъэ иджыри? - гугъэкІэ гъэнщІа нитІыр къызоплъ.

- Хьэуэ, уэ къызжеІпам фІэкІа зыри сщІэжыркъым...

- Ягъэ кІынкъым, - хощэтыкІ Аслъэн. - Мыдэ унэм усшэжмэ, псори къэпщІэжынщ. Абы зэман хуейуэ аращ, дохутырми удынышхуэ уи щхьэм имыІауэ жеІэ.

- Ара къыщІэкІынщ, дежьэнщ тІэкІуэр, - зы дакъикъэ дызогъэкІри, аргуэру сыщІоупущІэ: - Си цІэр хэт жьпІа?

Аслъэн Іэнкун хуэдэу къызоплъ, ауэ итІанэми жэуап къызэтыж:

- Мариещ...

- Уэ-щэ?

- Аслъэнщ...

- Аааа... къэсщІэжащ иджы...

КъэсщІэжа щхьэкІэ, куэд мыщІэу сщыгъупщэжынущ, сощІэ. Сэ сабий къалъхуагъащІэм срещхьщ, махуэ къэс щІэрыщІэу гъащІэр къасоІэу ящІ. Нобэ псори сщІэжу сыгъуэлъыжынрэ, пщэдей аргуэру щІэрыщІэу сыкъалъхужынущ. Мис мыпхуэдэу аргуэру Аслъэн нэщхьейуэ си пащхьэм исынущ.

- Илъэс дапщэ сыхъурэ?

- 25-рэ.

- Сабий диІэ?

- Хьэуэ...

- Си Іэщіагъэр сыт?

- Гъэсакіуэщ... Дыгъуасэ бжеСІати... Ахэри пщІэжыркъэ?

- Хьэуэ, щІэжыркъым.

Адрей махуэхэми хуэдэу, ди псалъэмакъыр абыкІэ ихуащ. Иджыри зэман гуэркІэ щосри, Аслъэн кьотэджыж.

- ТІэкІу зыгъэпсэху иджы. Пщэдей сыкъэкІуэнщ.

«Хъунщ», жьыхэсІэу си щхьэр сощІ. Ауэ бжэм нэсыжа нэужь, соджэ:

- Аслъэн...

И цІэр зэрысщымыгъупщэжам иригуфІэу ар къызоплъэкІ.

- Сытыт жьпІа си цІэр?

Аргуэру нэщхьей кьохъуэжри, жеІэ:

- Мариещ, уи цІэр Мариещ...

Аслъэн кузбжэм дэкІыжа нэужь, зы тэлайкІэ сыкІэрытщ щхьэгъубжэм. Абы и дамэхэр си уэ гущІэгъунщэм хьэпъэу иришэхащ. И нэхэр сымыпъэгъуэн, абы щІэлъ нэщхъеягъуэшхэр зыхызощІэ. Аслъэн си гум и зы къуэпсщ, абы и нэгум сиплъэн хуейкъым кьишыщ сльагъун папщІэ. Сытри сщыгъупщэжынкІэ мэхъу, ауэ абы хузиІэ лъагъуныгъэр сщызыгъэгъупщэн уэ иджыри кьагуплъсакъым.

Ар зэрыдзкІыжым сыкІэлъыплъурэ, аргуэру сигу кьокІыж зы махуэ гущІэгъунщэ. Мис мыпхуэдэ зы пэш, зы щхьэгъубжэ, си жагъуэ къэзыщІа зы цІыху... ГукъэкІыжхэм нэхъ кууэу сыхилъэсэху, си гур нэхъ ину кьдеуэн щІедзэ. Аддэ жьжьэу гупсысэ гуэр кьоІу, а къэсщІэжьынум зыкІи сыхуэмейуэ жиІэу къызэпсущащэу. Ауэ, а чэнджэщыр гуащ. ГукъэкІыжхэм я кІапэр къэзубыдащи схуэмыутІыпщу сыкърехьжІ...

«Фіыуэ усльагъуэжыркъым, сызыщыгъэгъупщэ», - жиІэу си пащхьэм ит щІалэр Аслъэн сыту ещхьыщэ?! Хьэуэ, ар ещхь къудей хъунщ, армырмэ абы апхуэдэ дауэ къыхэжиІэн?! И хьэпщІыпхэр зэщІикъуэжауэ унэм щІэкІри ара?! Абыи ещхьщ... Сэ абы сыкІэлъоплъри щхьэгъубжэм сыІутщ... Седжэмэ къыгъэззэжыну пІэрэт? ТІэкІу сызригъэльэІуну хуейуэ арагъэнт! Сэри зыри жеСІакъым... Щхьэгъубжэ Іухам зыдызошиІкІри соджэ: «Аслъэн». Сыт мо цІыхуэр щІэкІиІр! Хьэуэ, къывгурыІуэкъым, зыдзэдзыжьи Іуэху къесхуэкІыркъым, Аслъэн седжэну аращ. Ауэ, жьыбгъэм кьрихьэкІ пщІащэм хуэдэу, еплІанэ къатым соджэрэзэх... «Аслъэн»...

- Сыт ущІэгъыр? КъэпщІэжа зыгуэр?! - щІоупущІэ си щІыбагъыми дэт дохутыр цІыхубзыр.

- ТІэкІу, - жызоІэри, си нэпсхэр солъэщІыж.

Угупсысэну апхуэдэу гугъуу си гугъэнтэкъым, ауэ сригъэззэшащи, си гъуэлъыпІэм сыхуокІуэж...

- Сыт къэпщІэжар? КъызжеІэжыт...

Ауэ гукъэкІыжхэм я пІэкІэ, си пащхьэм исым жызоІэ:

- Сыхъужауэ къызэрищІэу, абы сыкъигъэнэнущ.

- Хэт ар?

- Аслъэн...

- Умыхъужуи хъунукъым. Ар уэ щхьэкІэ хуабжьу мэгузавэ...

- Сызыщыгъэгъупщэ жиІати, зыщыгъэгъупщащ.

А псалъэхэм кьыхэлъыкІуэу, си нэпсхэ-ри йожэх. Си щхьэм Іэ кьыддэзылъэ дохутырым сызэрыхъужынур кьызжиІэурэ, жейм сыкелъафэ. Абы аргуэру сщигъэгупщэжынущ псори. Пщэдей сыкъэзыщІмэ си пащхьэм исынущ зыщыгъэгъупщэну къызэлъэІуа цІыхур, сигу зыкъигъэкІыжу...

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. ... уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым. **4**. Шхын зи щІэм, тхьэмыщкІэм ират Іыхьэ. **6**. Ауш-дыжэр къышдалъхуа къэбэрдей тхакІуэ. **8**. Іэзэ къашэри ... ириущІ. **9**. Щоджэнщ-цІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз артисткэ Хьэмыку ... **11**. ... къызытеха къэбир нэхъ Іэфі мэхъу. **13**. Адыгэ генерал. **14**. Гъатхэр къызэрихьэу жыгхэм ... ираташ. **15**. Мэш хьэуазэ. **16**. Пасэрей эзрэпыджэ Іэщэ. **19**. Пщэдейрей ... нэхъри нобэрей бзу. **20**. Уи ... мыкІуэду уи уз укІуэд. **22**. Мыльэтэфми, Іэзэу бадзэ кьеубыд. **23**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **24**. Уи ... мыузым боз иумышэкІ. **25**. Пхъэ уадэшхуэ. **29**. ФызитІ эзфІэнам зым адрей жреІэ: «Уи ... къысщыхуэ!» **32**. УэрэджьІакІуэ Іэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист. **34**. ХъумакІуэ, къэрэгъул, ... **35**. ... бзий щабзкэр Іэпкъльэпкъым и гуапэщ. **36**. Колхоз тхьэмадзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Хьэсэн. **37**. Макъамэ Іэмэпсымэ.

Къехьу: **2**. Лажьэ іэпкъ симыІэу, си гъунэгъум ... къызищІэкІащ. **3**. Гъуор маджэ: « ... Іэзхушхуэ щыІэщи, кьуажэбгъум фыкъыщызэхуэс!» **4**. Ди унафэщІым и ... къызэкІащ: си улахуэм къыщІигъуащ. **5**. Хэтхэ я унэ ... тес? **7**. Шатэ гъэвжам кьытрищІэ дагъэ. **8**. ЛІы и къуэгъуэ ... и гъуррэ. **10**. ... зимыІэм дзажэнкъ иІэщ. **12**. Аруан районым щыщ къуажэ. **13**. Плъыжьыфэ. **17**. Джэдыкіэ ... **18**. Псэхэлъхьэж. **21**. Мынэхьыжь, мынэжьыщІэ. **26**. Пхъум и щхьэгъуэгэ. **27**. «Уэзы ...» - ПащІэ Бэчмырзэ и псалъэхэр зыщІэлъ адыгэ уэрэдыжь. **28**. Шыр зэрагъэІэсэ кІапсэшхуэ. **30**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ, КъурІэныр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІахэм ящыщщ. **31**. МусЛъымэн диным зэрыжиІэмкІэ, зи щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым ис тхьэІухуд. **33**. Фызыжь хьилэшы.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Дыгъэгъазэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкІуэкІыу: **3**. Руслан. **6**. Хьэуазэ. **8**. Афэ. **9**. Бзаджэ. **10**. Сэлэт. **11**. Уадэ. **13**. Сурэ. **16**. Нэд. **17**. Щхьэзэ. **18**. Къэб. **21**. Пхъащхьэмыщхьэ. **24**. Сом. **25**. Дыжьын. **27**. Хьэм. **28**. Лъэпщ. **30**. ГупкІэ. **31**. Бланэ. **33**. Сибэч. **35**. Пхъы. **36**. Вэрокъуэ. **37**. Хьилэшы.

Къехьу: **1**. Иризгъэкъунщ. **2**. Къуабзкъабзэ. **4**. Сыдж. **5**. Нахьтэ. **6**. Хьэбас. **7**. Адэ. **12**. Дыщ. **14**. Ужьэ. **15**. НэщІэбжьэ. **19**. Жэм. **20**. Пщы. **22**. Псыхьэлывэ. **23**. ХъумпіэцІэджэм. **25**. Дэп. **26**. Нып. **29**. Щхьэпэ. **30**. Гуэныхь. **32**. «Нур». **34**. Ибэ.

● Щіыпіэм сыщыщкъым

● Хъуэхъу

Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, хирург-ортопед, травматолог Іэзэхэу Іимам Аслъэн МуІзед и къуэмрэ Емкъуж Олег Лиуан и къуэмрэ Илъэсыщ Іэ къэблагъэмкІэ сохъуэхъу

Мы щІалэхэр щолажьэ Саратов къалэм Травматологиемрэ ортопедиемкІэ дэт щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. Иджыблагъэ си щхьэжІ эгъэунэхуащ абыхэм я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ зыхуэдэр, гъэсэныгъэ дахэ зэрахэлъыр.

Фи узыншагъэр быдэу, фи дэрэжэгъуэм, беягъэм хэхъуэ зэпыту, гуфІэгъуэр фи куэду, фи гум илъым фыльэІэсу, фи лэжьыгъэмкІэ ехъулІэныгъэ фиІэу Тхьэм фигъэпсэу. Хабзэ, нэмыс, цІыхугъэшхуэ фхэлъу фыкъокІуэкІри, фи пщІэм адэкІи хэхъуэну си гуапэщ.

ПЩЫУКІ Ленэ.

Псалъэжьхэр

Щхьэзыфіэфі лъагъугъуейщ

♦«Яхуэмышхын сщІынщ», - жери ямышхыфи ищІащ.
♦Хэкіэ зымыщІэм и гъубжэр дзагъущ.
♦Делэм зэхибзэнщ, губзыгъэм зэхихьжынщ.
♦Илъэс Іуэху къэщтэжыгъуейщ.
♦Дзыгъуэ пэтрэ щІымахуэм хуогъэтыпльэ.
♦Іуэхур зейм зэрыжиІэу пщІэфмэ, уІэзэщ.
♦ЩІхьэзыфІэфІ лъагъугъуейщ.
♦Унэ къыбдимысарэр шу гъуэсэ къыпхуэмыхъуарэ я хьэл пщІэрэкъым.
♦Хэт и щхьэщытхъуи пцІыупсщ.
♦ЩЫщІэ къамылъхуам уанэ хуэзэщІелъхьэ.
♦Уеуэмэ - мэкъущ, уемыуэмэ - къурэщ.

● Гушыіэхэр

Щхьэ укъызэупщІрэ?

Зы махуэ гуэрым пхъэ кьишэу Хьуэжэ мэз кьикІыжырт. Къуажэм къыдихьэжауэ зимыІуэху зезыхуэ и цІыхугъэ гуэр кьыІуащІэри къеупщІащ:

- Уа, Хьуэжэ, дэнэ ущыІа, сыт мы къапэзри? - жиІэри.

- Хьэмым сыщыІауэ хукхъуэ къызошэ, - жриІащ Хьуэжэ.

- АтІэ уи гум илъыр пхъэи, мэзымкІи укъокІыжкри, - кьыжриІащ и цІыхугъэм.

- АтІэ, си хэгъэрей, сыкъызідикІыжымрэ къасшэмрэ уэ нэхъыфІу пщІэ пэтрэ, щхьэ укъызэупщІрэ? - жиІэри къежьэжащ Хьуэжэ.

Щіыпіэм сыщыщкъым

Чэф хьэлъэ зыгъуэта удэфаитІ дыгъэр зэпауфыдауэ зэныкъуэкъурт:

- Мо тлъагъур дыгъэкъым, мазэщ, - жиІэрт зым.

- Мазэкъым, дыгъэщ, - жиІэрт адрейм.

Абыхэм япэмыжьжьэу блэкІ пэтрэ, Хьуэжэ кьагъэувыІэри кьеупщІащ:

- Мо уафэм щытпъагъур дыгъэ хьэмэрэ мазэ? - жаІэри.

- Сэ мы щІыпІэм сыщыщкъым, сщІэркъым, - жиІэри Хьуэжэ и гуэгу теувэжащ.

МАХУЭ Іэлисэхь.

● Едзыгъуэхэр

Си лъэужьыр дахэу зызогъэзэхуэж

ХьэщІэм хъугъуэфІыгъуэ хуэзблэпхми,
Унэщхъыщэм, - псори кІуэдыжащ.
Ауэ Іэнэ нэщІым бгъэдэбгъэсми,
Унэщхъыфіэмэ, - бгъэтхъэжащ.

* * *

Уо, хъыджэбз, щагуэшым щыгъуэ дахагъэр,
Уэрати нэхъ Іыхьэфіыр зылъкІасар!..
Ауэ щытрагуэшэжым Іэдэбагъэр
Дэнэ къуагъ, гущэт, уэ уздыкъуэсар?

* * *

Си ныбжьэгъу, гуапагъэкІэ си гу
укъыдэмыхьэфми,
СынолъэІу: къысхуумыщІ лъакъуэпщІэрыуэ.
ИтІанэ, дыщэкІэ ущІэзмыгъэнэжьифми,
Сыпсэуху сэ пхуэсщІынкъым гукъеуэ.

* * *

НыбжьэгъуфІыр анэкъилъху пэлъытэщ.
Уныбжьэгъуншэ? - Удамэнщэ тхъэрыкъуэщ!
Ауэ щхьэгъуэ пэж нэхъ ныбжьэгъу лъэщ
Мы дунейм темыткІэ сэ си тхъэрыІуэщ.

* * *

Сыщефэкіэ, мащІэу сегъэжанри,
Къысщохъур фадэр фоупс.
ИужькІэ пкъыуэу сыкъегъанэри,
Сигу щокІыр, слъагъумэ зы ткІуэпс.

ДУДАР Хьэутий.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1ап1эхэм щэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыкъэгъэзащ и 19-м Печатым и хуитыныгъэр зэрымыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1ап1эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1575